



Pati I: Leson 5

Tounen yon bon Tè: Pouvwa Lespri Sen a

Tè ki donnen anpil : Kòmanse yon lavi tounèf ak Jezi

Li pa posib pou nou viv lavi nou nan Bondye ak pwòp fòs nou. Nivo pou nou viv la twò wo, epi nou pa gen fòs ase. Se yon sèl moun ki te rive fè sa, se Jezi Kris. **Men Bondye pa lage nou pou kont nou osnon san okenn mwayen pou ede nou. Li te pwomèt yon kado ki ap ede nou konnen L, viv pou Li, epi sèvi L. Kado sa a, se Lespri Sen an.** Apre Jezi te fin mouri sou lakwa epi L te resiste, Li te pale apa ak disip Li yo.

Apre li te fin soufri, se devan yo menm tou, li te prezante tèt li, e avèk anpil prèv li te montre li vivan. Yo te wè li pandan karant jou: Li t ap pale sou bagay ki konsène wayòm Bondye a Pandan yo te reyini ansanm, li kòmande yo pou yo pa kite Jerizalèm, men, pou yo tann sa Papa a te pwomèt la. Li di yo: Se sa nou te tandem mwen di a. Vrèmanvre, Jan te batize moun nan dlo. Men, nan kèk jou ankò, nou menm, nou va resevwa batèm nan Lespri Sen an (Tra. 1:3-5).

Ki lòd Jezi te bay disip li yo ?

Ki kado Bondye te pwomèt la ?

Poukisa ou panse Jezi te mande yo ret tann ?

PLAN POU OU GRANDI



Nan lesion sa a, ou pral aprann twa bagay enpòtan sou travay Lespri Sen an fè :

- 1) Lè ou te resevwa Lespri Sen an nan lavi w
- 2) Kisa Lespri Sen an fè nan lavi w
- 3) Kòman ou kapab ranpli ak Lespri Sen an.

Sa Lespri Sen an ye se pa yon koze senp, paske Lespri a se twazyèm pèsonaj ki se Bondye, sa pa vle di twa Bondye, men yon sèl : Papa a, Pitit la ak Lespri Sen a. Nan lesion sa a, ou pral aprann konnen ki travay Lespri Sen an genyen pou l fè nan lavi w chak jou.



Avan ou ale pi lwen, fè yon ti kanpe epi mande Bondye ede w konprann pawòl Li, ede w aprann viv nan prezans Li, epi pou ou kapab tounen moun Li vle ou ye a.

YON ISTWA SOU LESPRI SEN A : Lespri Sen Jezi te pwomèt la te desann nan jou pannkòt la (Travay 2:1-21, 37-38)



Li istwa sa a ki rakonte kòman Lespri Sen an te desann nan fason ekstrawòdinè nan jou pannkòt la, apre Jezi te fin bay disip li yo lòd pou yo rete tann kado a.

Lè jou Pannkòt la rive, yo tout, yo te menm kote a, tèt ansanm. Sibitman, yon bri soti nan syèl la tankou yon guo van k ap soufle. Epi, bri a plen tout kay kote yo te chita a. Yo wè lang tankou lang dife ki separe youn ak lòt. Epi, youn poze sou yo chak. Alò, Lespri Sen an ranpli yo tout. Epi, yo kòmanse pale lòt lang, dapre jan Lespri a te ba yo pale. Te genyen Jwif ki soti nan tout nasyon anba syèl la, ki abite Jerizalèm. Se te moun devwe. Lè bri a fêt, foul la rasable. Yo te an boulvès, paske yo chak t ap tandemoun yo pale nan pwòp lang pa yo. Yo te etone. Yo te sezi. Youn t ap di lòt: Gade! Tout moun k ap pale la a, yo se moun Galile, pa vre? Kòman nou fè tandemoun yo nan lang pa nou chak, nan lang kote nou te fêt la? Nou menm, Pat, Mèd, Elamit, ak moun ki abite Mezopotami, Jide ak Kapadòs, Pon ak Azi, nou menm moun Friji ak Panfili, Ejip ak zòn Libi tou pre Sirèn, vizitè ki soti Wòm, ni Jwif ni Pwozelit, Kretwa ak Arab, nou tout, nou tandemoun yo pale mèvèy Bondye nan lang pa nou. Yo tout te etone. Yo te boulvèse. Youn t ap di lòt: Kisa sa vle di? Men, lòt moun t ap moke yo. Yo t ap di: Moun sa yo sou, yo anba diven!

Alò, Pyè kanpe avèk Onz yo. Li leve vwa li. Epi, li di moun yo: Nou menm Jwif yo ak tout moun ki abite Jerizalèm, nou konnen sa byen! Koute pawòl mwen! Paske, moun sa yo pa sou, jan nou sipoze a. Paske, se twazyèm è nan jounen an li ye. Okontré, se bagay sa a pwofèt Jowèl t ap pale a, lè li te di:

Bondye di: "Men sa ki va rive nan dènye jou yo:

Mwen va vide nan Lespri mwen sou tout moun.

Ptit gason ak pitit fi nou yo va pwofetize.

Jennomm nou yo va fè vizyon. Granmoun nou yo va fè rèv.

Nan jou sa yo, mwen va vide Lespri mwen,

Menm sou sèvitè m yo ak sou sèvant mwen yo.

Epi, yo va pwofetize.

Mwen va fè mèvèy anwo nan syèl,

Epi mirak-siy anba sou latè: Se va san, dife ak yon nyaj lafimen!

Solèy la va tounen fènwa. Lalin nan va tounen san.

Mwen va fè sa anvan jou Senyè a, Gran jou a, jou mèvèy la!

Lè sa a, tout moun ki rele non Senyè a, y ap sove!"

Lè yo tandemoun yo pale la, kòman Lespri Sen Jezi te pwomèt la te desann nan jou pannkòt la.

Yo di Pyè ak lòt apot yo: Nou menm, frè nou yo, kisa pou nou fè?



*Pyè di yo: Se pou nou repanti, epi se pou nou chak batize nan non Jezi Kris,
pou padon peche nou yo. Epi, nou va resevwa Lespri Sen an kòm kado.
Paske, se pou nou pwomès la ye, se pou ptit nou ak pou tout moun ki lwen yo,
tout moun Senyè a, Bondye nou an, va rele.*

Si ou ta sèvi ak pwòp mo pa w, kòman ou tap esplike istwa ki te pase a ?

Yo di nan istwa a, foul moun yo te "an boulvès epi twouble", yo t ap mande youn lòt : "Kisa bagay sa vle di ?" Si ou te pam foul moun yo, kòman ou t ap reyaji, e kisa ou t ap di nan lespri w sou sa ki t ap pase a ?

Pasaj Pawòl Bondye a di Lespri Sen te "ranpli yo" epi "pèmèt yo" fè plizyè bagay. Kisa sa vle di dapre ou menm ?

Pyè te di moun yo, si yo repanti ak batize nan non Jezi Kris pou padon peche yo, y ap reservwa yon kado ak yon pwomès. Kisa kado sa a ak pwomès sa a ye ?

Eske sa te janm rive w pou ou viv pisans prezans Bondye k ap debòde nan lavi w ?

FOUYE PI FON : POU NOU BYEN KONPRANN LESPRI SEN A



Avan jou Pannkòt la, nou pat jwenn anpil bagay anndan Labib sou travay Lespri Sen an. Chak fwa te konn genyen bagay ki pase se te nan kèk okazyon espesyal, pou kèk moun espesyal, menm si Lespri Bondye te toujou ap travay avan Bondye te kreye lemonn. Avan disip Jezi yo te resevwa Lespri Sen an nan jou pannkòt la, yo te yon gwoup nèg ki te pè epi ki twouble. Lè Lespri Sen an vini, yo te **transfòme**, yo te vin **kapab** sèvi Kris **piplis**. Bondye bay Lespri L pou ede tout moun k ap suiv Jezi. Jodi a, Lespri Sen an se pisans Bondye k ap travay djanm djanm nan lavi w.

I. LÈ OU RESEVWA LESPRI SEN A

Reflechi sou vèsè sa yo:

Pyè di yo: Se pou nou repanti, epi se pou nou chak batize nan non Jezi Kris, pou padon peche nou yo. Epi, nou va resevwa Lespri Sen an kòm kado. Paske, se pou nou pwomèt la ye, se pou pitit nou ak pou tout moun ki lwen yo, tout moun Senyè a, Bondye nou an, va rele. (Travay 2:38-39).

Nan Kris, nou menm tou, lè nou te tande pawòl verite a, levanjil ki sove nou an, epi lè nou te kwè nan li, Bondye poze so a sou nou, ki se Lespri Sen li te pwomèt la. Lespri Sen an se avalwa sou eritaj nou an, pou jis redanmsyon pwopriyete a rive, pou nou fè lwanj pou glwa li (Efezyen 1:13-14).

Dapre vèsè sa yo, kilè Lespri Sen an te antre nan lavi w ?

Ki asirans Lespri Sen an bay ?

2. KISA LESPRI SEN AN FÈ NAN LAVI W

Nan aswè, avan yo te arete epi touye Jezi, Li te pale ak disip li yo sou fason Lespri Sen an t apral travay nan lavi nou :

Epi, mwèn menm, mwèn va priye Papa a. Li va ban nou yon lòt Avoka ki va rete avèk nou pou letènité: Lespri verite a. Lemonn pa kapab resevwa li, paske lemonn pa ni wè li ni konnen li. Men, nou menm, nou konnen li. Paske, li rete avèk nou, epi li va nan nou. Mwen p ap kite nou tankou òfelen. M ap vin jwenn nou. (Jan 14:16-18).

Ki de non Jezi bay Lespri Sen a ?

- 1)
- 2)

Kisa Jezi te mande Papa a pou bay nou ?

Ki de bagay Lespri laverite a fè ?

- 1)
- 2)

Pandan mwen la avèk nou, mwen pale bagay sa yo ak nou. Men, Papa a ap voye Avoka a, Lespri Sen an, nan non mwen. Se li menm ki va anseye nou tout bagay. Epi, li va fè nou sonje tout bagay mwen te di nou yo. Mwen kite lapè pou nou. Mwen ban nou lapè mwen. Mwen pa ban nou li, menm jan monn nan bay li. Anyen pa dwe ni toumante kè nou ni kraponnen kè nou! (Jan 14:25-27).

Kòman Jezi di n ap kapab konnen Lespri Sen an ?

Ki twa lòt bagay Lespri Sen an fè pou nou ?

- 1)
- 2)
- 3)

Men, m ap di nou laverite. Li nan avantaj nou pou mwen ale. Vrèmanvre, si mwen pa ale, Avoka a p ap vini jwenn nou. Men, si mwen ale, m ap voye li pou nou. E, li menm, lè li vini, li va demonstre lemonn, yo koupab nan kesyon peche, nan kesyon jistis, ak nan kesyon jijman. Nan kesyon peche a, se va paske yo pa kwè nan mwen. Nan kesyon jistis la, se va paske mwen prale jwenn Papa a epi nou p ap wè mwen ankò. Nan kesyon jijman an, se va paske Bondye deja jije Chèf monn sa a. Mwen genyen anpil bagay pou mwen di nou toujou. Men, nou pa kapab kenbe yo kounye a. Men, Lespri verite a, li menm, lè li vini, li va dirije nou nan tout verite a. Vrèmanvre, se pa dapre li menm, li va pale, men, se tout sa li tandé, li va pale. Epi, li va ananse nou bagay ki va rive yo. Se li menm ki va ban mwen glwa. Paske, li va pran nan sa ki pou mwen, epi li va ananse nou li. Tout sa Papa a genyen se pou mwen. Se poutèt sa, mwen di Lespri verite a va pran nan sa ki pou mwen, epi li va ananse nou li (Jan 16:7-15).

Poukisa li nan avantaj nou pou Jezi te ale ?

Kisa Lespri Sen an demonstre nou konsènan bagay sa yo ?

- 1) Peche
- 2) Jistis
- 3) Jijman

Ki lòt bagay Jezi di Lespri Sen an pral fè ?

Kiyès Lespri Sen an glorifye ? Kote Lespri an sòti ? Ki kote Lespri a jwenn sa li di nou yo ?

Konesans ak pisans Bondye pa gen bout, epi prezans Li toupatou. Men Bondye te aksepte limite tèt li lè Li te vin tounen yon moun nan fòm Jezi Kris. Li te limite prezans li nan zòn kote li te konn viv yo. Se poutèt sa se te nan enterè nou Jezi te retounen nan sièl kot Papa L. Kounya prezans Bondye toupatou grasa Lespri Li, Li menm annayiti, epi Li avèk ou kote ou ye a la. Li wè w ; Li ap travay tout kote e l ap viv anndan w.

Genyen lòt kote nan Nouvo Testaman an ki bay plis enfòmasyon sou travay Lespri Sen an.

Donk, konsa, frè mwen yo, nou gen yon dèt. Men, se pa lachè nou dwe, kòmsi pou nou ta viv dapre lachè. Paske, si se dapre lachè n ap viv, nou pral mouri. Men, si se grasa Lespri a n ap fè aksyon kò a mouri, ebyen, nou va viv. Vrèmanvre, tout moun Lespri Bondye ap dirije, se ptit Bondye yo ye. Paske, se pa yon lespri esklavaj nou resevwa, kòmsi pou nou ta pè toujou. Okontré! Nou resevwa yon Lespri adopsyon. Grasa li, nou rele: Aba! O Papa! Men sa Lespri a, li menm, temwaye bay lespri nou: Nou se ptit Bondye! E, si se ptit nou ye, se eritye nou ye tou! Yon bò, nou se eritye Bondye, yon lòt bò, nou se eritye ansanm avèk Kris. Sa konsa, si vrèmanvre nou soufri ansanm avèk li pou Bondye ka glorifye nou ansanm avèk li tou. (Women 8:14-17).

Kisa Lespri Sen an temwaye konsènan kiyès nou ye e konsènan relasyon nou ak Bondye ?

Kòman sa fè w santi w ?

Menm jan an tou, Lespri a ede nou nan feblès nou yo. Paske, nou pa konnen kijan pou nou lapriyè sou jan sa dwe ye. Men, Lespri a, li menm, li plede pou nou avèk soupi, yon jan pawòl pa kapab esplike. Men, sila ki egzamine kè moun nan, li konnen tandans Lespri a, paske, se jan Bondye vle l la li plede pou sen yo (Women 8:26-27).

Kòman Lespri Sen an ede w ?

3. LÈ OU RANPLI AK LESPRI SEN

Nan liv Travay la, mo Labib sèvi plis pou rakonte travay Lespri Sen a nan lavi kretyen yo se "ranpli" osnon "plen". Mo sa a vle di, pisans Lespri a fè chanjman nan tout pèsonalite w. Pafwa, yo sèvi ak mo sa pou pale konsènan "aksyon ki fè Lespri Sen an ranpli moun nan" osnon "lè yon moun aji pandan l ranpli ak Lespri Sen an".

- ❖ Alò, Lespri Sen an **ranpli** yo tout (Travay 2:4);
- ❖ Alò, Lespri Sen **ranpli** Pyè, epi Pyè di yo... (Travay 4:8);
- ❖ Lè yo fin lapriyè, kote yo te reyini an tranble. Lespri Sen **ranpli** yo tout. Yo t ap pale pawòl Bondye a avèk konfyans (Travay 4:31);
- ❖ Etyèn, yon nonm ki **plen** ak lafwa ak Lespri Sen (Travay 6:5);
- ❖ Se li ki voye mwen pou w ka wè epi pou Lespri Sen an ka **ranpli** w (Travay 9:17);
- ❖ Li te yon nonm ki bon, ki **ranpli** ak Lespri Sen ansnam ak lafwa (Travay 11:24);
- ❖ E, lajwa ak Lespri Sen an te **ranpli** kè disip yo (Travay 13:52).

Nan Nouvo Testaman an, yo te gade sa tankou yon eksperyans nòmal nan lavi kretyen. Lè nou t ap etidye Efezyen 1:13-14, nou te wè tout kretyen yo te resevwa Lespri Sen an tankou yon so pou delivrans yo, men tout kretyen yo pa te toujou viv pou yo **plen** ak Lespri Sen an. Sa se yon bél avantaj chak gress moun k ap suiv Jezi kapab jwenn. Vremanvre, **Bondye mande nou pou nou ranpli ak Lespri a.**

Poutèt sa, pinga nou fè sòt. Okontrè, konprann kisa volonte Senyè a ye. Pa soule tèt nou avèk diven, paske sa se debòch. Okontrè, kite Lespri a ranpli nou (Efezyen 5:17-18).

Poukisa ou panse yo konpare ranpli ak Lespri Sen an ak sou anba tafya ?

Kisa komannman sa a vle di dapre ou menm ?

Pawòl Bondye fè nou pwomès, si nou mande yon bagay dapre volonte Bondye, nou mèt sèten Bondye ap reponn.

Sa a se konfyans nou genyen nan li: Si nou mande li yon bagay ki nan volonte li, li koute nou. Si nou konnen tout sa nou mande, li koute nou, ebyen, nou konnen sa nou te mande l la, nou genyen li (1 Jan 5:14-15).



Eske ou vle ranpli ak Lespri Sen an ? Si se wi, pran yon ti tan epi mande Bondye pou L ranpli lavi w avek Lespri L. Priye ak asirans epi remèsyé L.

TOUNEN YON BON TÈ : VIV LAVI KI RANPLI AK LESPRI A



I. PRATIKE PAWÒL LAVERITE SA YO

Ou te li plizyè vèsè enpòtan deja konsènan travay Lespri Sen an. Kounya ekri kèk bagay sou travay Lespri Sen an epi di kisa verite sa yo vle di pou ou nan tablo anba a. Yon egzanp, Jezi te di : avoka a, ki se Lespri Sen an, ap aprann nou tout bagay (Jan 14:26). Konsa, travay Lespri Sen an se anseye nou. Sa vle di pou mwen, Bondye ap aprann mwen ki moun Li ye epi kòman mwen dwe viv.

Travay Lespri Sen an	Sa sa vle di nan lavi w

2. REFLECHI SOU VERITE SA YO

Pran san w pou ou li pawòl sa yo. Se Pawòl Jezi te di pou L te esplike kiyès Lespri Sen an vreman ye :

Jezi reponn, li di: Franchman, franchman, m ap di ou sa: Si yon moun pa fèt nan dlo ak nan Lespri, li pa kapab antre nan wayòm Bondye a. Sa ki fèt grasa chè, li se chè. E, sa ki fèt grasa Lespri, li se lespri. Pa sezi dèske mwen te di ou: Fòk nou fèt yon lòt fwa ankò! Van an soufle kote li vle. Ou tande bri li, men, ou pa konnen ni kote li soti, ni kote li prale. Tout moun ki fèt grasa Lespri a, yo menm jan (Jan 3:5-8).

Nan dènye jou a, gran jou fèt la, Jezi kanpe. Li rele, li di: Si yon moun swaf, se pou li vini jwenn mwen. Epi, se pou li bwè! Yon moun ki kwè nan mwen, menm jan Lekriti di l la, rivyè dlo vivan va koule soti nan zantray li. Jezi te di sa konsènan Lespri a. Se li menm moun ki kwè nan Jezi yo t apral resevwa. Vrèmanvre, Lespri Sen an pa t ko la, paske Bondye pa t ko glorifye Jezi (Jan 7:37-39).

Jezi esplike kilès Lespri Sen an vreman ye lè li te bay de egzanp ki nan lanati : **van ak dlo**. Mo lespri a kapab vle di tou "van" dapre lang oriijinal la. Lè nou t ap li avan, nou te wè Lespri Sen an te vini nan jou pannkòt la tankou yon gwo van, yon van vyolan.



Pandan w ap panse sou vèsè ou sot li yo, eseye fè egzèsis sa yo k ap ede w konprann Lespri Bondye a.

- ✓ Ale yon kote ou kapab santi van an soufle epi pwofite reflechi sou reyalite van an. Eske li fò osnon dou ? Eske li cho osnon fre ? Nan ki sans van an sanble ak Lespri a nan lavi w? Tankou van an, gen de lè w ap viv kèk moman ki gen anpil pisans, men w ap viv moman tou ou pap santi van an pandans w ap mache nan Lespri a. Pa pè. Lespri Bondye a toujou avèk ou.
- ✓ Sonje yo moman lè ou te swaf anpil epi ou te bezwen dlo. Kòman ou santi w lè sa ? Lè ou vinn jwenn dlo pou w bwè, kòman ou vin santi w lè sa ? Jezi esplike travay Lespri a tankou yon dlo kap ponpe epi koule nan kè nou. Kòman "dlo vivan"an ap koule nan lavi w ? Al bwè yon ti dlo, epi priye Bondye pou L rafrechi lavi w. Di L mèsi pou dlo vivan li a.

3. PRAN ANGAJMAN SOU VERITE SA YO

Chak jou pandan semèn sa a, li, reflechi epi priye sou vèsè sa yo :

Epi, mwen menm, mwen va priye Papa a. Li va ban nou yon lòt Avoka ki va rete avèk nou pou letènité: Lespri verite a. Lemonn pa kapab resevwa li, paske lemonn pa ni wè li ni konnen li. Men, nou menm, nou konnen li. Paske, li rete avèk nou, epi li va nan nou. Mwen p ap kite nou tankou òfelen. M ap vin jwenn nou (Jan 14:16-18).

Tradui pa Jean-Mario Michel

© 2021 International Strategic Alliances, Inc. (ISA)

Dokiman sa yo vize fòmasyon moun sèlman, yo kapab kopye epi sèvi avèk yo pou kalite travay konsa, men yo pa dwe fè chanjman nan yo san International Strategic Alliances pa bay otorizasyon pou sa.

Tout pasaj Labib yo sòti nan Bib Kreyòl La (BKL), si se pa sa nou fè w konnen sa nan yon nòt

